ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№249 (21.157) ● 2007 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 28, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомы 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Президентым и фонд

Илъэсыщ Іэ тыгъэхэр

Къэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэм и уней фондым кьыхэкІыу республикэм и сабийхэм папщІэ илъэсыщІэм ирихьэлІэу компьютеру тІурэ Іэфы кІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрыль сэмбу щихрэ къащэхуащ. Компьютерхэр иратащ КъБР-м и Президентым и сайтым апхуэдэ лъэІуэхэр къезыгъэхьа школакІуэхэу Бахьсэн щыщ Джэш Беллэрэ Тырыныгуэ къаІэм щыщ Бечеловэ Нуржанрэ. Іэфы кІэхэр республикэм и интернат школхэм щІэсхэм хурагъэщащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федераціэмкі э и Советым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым кьыбгъэдэкІыу хэт Къэрмокъуэ Хь. М. и полномочиехэр я пІальэ къэмысу къэгъэувыІэным теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и фракцэм хэтхэм кьыхальхьам теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федераціэмкі э и Советым хэт Къэрмокъуэ Хь. М. и полномочиехэр я пІальэ къэмысу къэгъэувыІэным теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм - «Зыуэ щыт Урысей» фракцэм хэтхэм кьыхальхьам теухуауэ, «Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федераціэмкі э и Советым хэтым и статусым, Кърал Думэм и депутатым и статусым я Іуэхукі э» Федеральнэ законым и 4 статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федераціэмкі э и Советым хэт Къэрмокъуэ Хьчим Мухьэмэд и къуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу къэгъэуІуэну Іуэху Іуэхур Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентыр хэплъэн папщІэ кьыщыхилъхьэну Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федераціэмкі э и Советым и Унафэщ Миронов С.М. дежи сэлъэхьэн.

2. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федераціэмкі э и Советым и Унафэщ Миронов С.М. дежи сэлъэхьэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м
№1313-П-ІІ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Бечелов И.Б. деж

ПщІэ зыхуэтщІ Ильяс Борис и къуэ!

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм - «Зыуэ щыт Урысей» фракцэм хэтхэм Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федераціэмкі э и Советым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым кьыбгъэдэкІыу хэт Къэрмокъуэ Хьчим Мухьэмэд и къуэм и полномочиехэр я пІальэ къэмысу къэгъэувыІэным теухуа Іуэхур Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм - «Зыуэ щыт Урысей» фракцэм хэтхэм кьыхальхьам теухуауэ, «Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федераціэмкі э и Советым хэтым и статусым, Кърал Думэм и депутатым и статусым я Іуэхукі э» Федеральнэ законым и 4 статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Урыгъэ Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федераціэмкі э и Советым хэт Къэрмокъуэ Хь.М. теухуауэ «Зыуэ щыт Урысей» фракцэм хэтхэм апхуэдэ унафэ кьыщІащтам и щхьэусыгъуэр мы кьыкІэлъыкІуэрэщ:

1. Иужьрей илъэситІым Къэрмокъуэ Хь. М. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А.Б.; Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм зыкІи япыщІакъым.

2. «Захуагъэ зэдэщІы Урысей» партым и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ щыхъуа яп э махуэхэм щыщІэдзауэ, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Кърал Думэм и депутатхэр хэхьныж зыщыхуаГъэхьэзыр лъэхъэнэм, др Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кърал властым пщІэуващ икІи а властыр щыхуб э хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі э зэмылІэужьыгъуэхэм егъэлеяуэ икІи емыкІу хэлъу щиубу щІидзащ. «Захуагъэ зэдэщІы Урысей» урысейпсо политикэ партым и щІыналъэ къудамэм и унафэщІым иригъэкІуэкІ ап-

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Бечелов И.Б. деж

мокъуэ Хьчим Мухьэмэд и къуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу къэгъэуІуэну Іуэху Іуэхур Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентыр хэплъэн папщІэ кьыщыхилъхьэну Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федераціэмкі э и Советым и Унафэщ Миронов С.М. деж сэлъэхьэн.

2. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федераціэмкі э и Советым и Унафэщ Миронов С.М. деж сэлъэхьэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м
№1313-П-ІІ

Къэралым къелытэ

Цыхуэхэм зэреупщІам кьызэригъэлъэгъуамкІэ, ди къэралым щыпсэуэхэм я процент 87-м Илъэсым и цыхуу къалытащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

Апхуэдэ щІыхь абы кьыльэригъэсащ Инджылызым кьыщыдыхь «Тайм» журналми. Къэралым и Іэтащхьэм УФ-р сыт и лъэныкъуэкІи кьызэфІэгъэувэжьыным теухуауэ зэфІигъэкІа Іуэху инхэм хуащІ пщІэшхуэщ ар.

Нэхъ псынщІэу ялъэІэсын папщІэ

2008 гъэм УФ-м и Правительствэм и ИужьрейзэІуэщІэр дыгъуасэ екІуэкІащ.

Абы кьыщыщыпсалъэм Премьер-министр Зубков Виктор жиІащ «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэр», мафІэсгъэунКІыфІхэр, псэзэпыльхьэпІэ ихуахэр кьезыгъэл нэгъуэщІ лъжьакІуэхэри кьыззырядджэ зы телефон номер закъуэ 2010 гъэм ирихьэлІэу къэрал псом зэрыщагъэувынур. Абыхъэм 112 телефон номермрыкІэ зыпащІэнущ. Правительствэм и Унафэщым и псалъэхэм тепщІыхьмэ, абы и фІыгъэкІэ кьеГъэлакІуэхэр гузэвгъуэм хэтхэм я деж зэрынэс зэманыр хуэдищкІэ нэхъ мащІэ хъунущ. Мы Іуэхум и мыхьэнэр хэт и дежкІи гурыІуэгъуэщ.

Апхуэдэу Зубков Виктор тепсэлъыхьащ Урысейм и экономикэм зэрызиужь щІыкІэм. Абы кьыхигъэщхьэхуКІаи дызыхьхъэ илъэсым Правительствэр Урысейм и цыхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным ехьэлІа Іуэхухэм зэрегуГунур. Псом хуэмыдэу инфляцэр еудыхыным.

Мелард зыбжанэ

УФ-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі э и министерствэм и лъжьакІуэхэм щІэпхъаджагъэ ин дыдэ сэтей къащІащ.

Шэ зэрыщІэкІамкІэ, хьэрычэтыщІу фэ зытет гупым ахъщэ «фІей» сом мелардхэр «хабзэм ирагъэзэгъыр», хьэгъэщагъэ Іэмалхэр къагъэсэбэпурэ. Апхуэдэ мурадкІэ пІальэ кІэщІкІэ фІэкІа мылэжьэну фирмэ, банк зэмылІэужьыгъуэхэр кьиузІуахт, мыпсэуж щІыхуэхэм кьащІэна, нэгъуэщІхэм ягъэкІуэда паспортхэмкІэ абыхэм ахъшэ халъхьэурэ. Апхуэдэ щІыкІакІэ сом мелардхэр зэрагъэкІуащ.

ЩІэпхъаджащІэхэу тхур яубыдащ, еханэр щІыхубзыр - зэкІэ ягПыпщІыжащ, Іэпхъуэ зэрымыкъуНум теухуа тхьлъымпІэм Іэ трагъадзэри.

Хабзэхъумэхэм шэч кьыщІрахьэркъым мы щІэпхъаджафІэм куэдкІэ щІыху нэхъыбэ зэрыхэпщІам.

Судыр мэІэпхъуэ

Урысейм и Президентым и Унафэкі э УФ-м и Конституцэ судым и хэщІапІэр Санкт-Петербург яГъэІэпхъуэ.

Абы щыпІэщІам зэхэм щыщІидзэнчущ 2008 гъэм накъыгъэм и 21-м.

Щылэжьэну хуеймэ

Магадан областым иужь илъэсхэм хуабжьу къашомэщІыкІ Іэщ ІагъэлІхэр, псом хуэмыдэу дохутырхэр.

Ар кьыхэкІащ щІыхь минхэр а щІыналъэм зэриІэпхъуэкІам. Иджы лъжьэн ягъуэтыжырыкъым. Правительствэм зыхилъхьащ а щІыналъэм щІыхуэр Іэпхъуэн папщІэ зэфІэгъэзэкІыпхъэхэр. Псом хуэмыдэу зыщІыгуГыр зы зэман абы щыпсэуэу щытахэрщ.

Идэркъым

Сербием и парламентым и депутатхэм ауэ жьжьэуи ядэркъым а къэралым Косовэ щІыналъэр хагъэкІыу.

Абы и щІыхьэтщ Іэ Іэтым кьрикІуахэр - кьащта унафэм и телъхьэу кьэуващ депутат 220-рэ, хагъэкІыу зыдар 14 къудейщ.

ЗэлъэщІыхьэну пІэрэ?

УФ-м и Правительствэм и вице-премьер Жуков Александр зэрыжиІамкІэ, гъэ дызыкуэкІуэм пенсэ нэхъ мащІэ дыдэмрэ упсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу узыхуей ахъшэмрэ зэхуэдэ хъунущ.

(ИТАР-ТАСС).

◆ Кином и дунейпсо мазущ. 1895 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м Капуцинхэм я уэраму Париж щыІэм тет епщыкІуплІанэ унэм япэу щагъэлъэгъуащ Люмьер зэкъуэшхэм къагурысыса синематографыр.

◆ Илъэс 35-рэ и пэкІэ (1972) кьызэІуахащ Къэзахъстан псом щыщІэрыІуэ «Медео» бгы льагэ спорт комплексыр.

◆ Дыгъэгъазэм и 28 - щІышыгъэм и 7-хэм Санкт-Петербург щекІуэкІынущ «Гъуэзджэхэм я уТ» VIII дунейпсо щІымахуэ фестивалыр.

◆ Илъэси 100 и пэкІэ кьалъхуащ 1957 - 1989 гъэхэм ГДР-м къэрал шынагъуэншагъэмкІэ и министру щыта, СЕПГ-м и ЦК-м и Политбюром хэта, армэм и генерал, ГДР-м тІэунейрэ и ЛІыхъужь, Совет Союзым и ЛІыхъужь (1987) Мильке Эрих (1907 - 2000).

◆ УсакІуэ Есенин Сергей (1895 - 1925) и фэепльэ мазущ.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 42-м, къуэхьжьынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 37-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 54-рэ.

Планэлэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі э министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі э и органхэм я лъжьакІуэхэм ящыщу Къэбэрдей Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІ ахъшэ зратхэм я улахуэм хагъэхъуэным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м *№339-ПП*

«Дзэ кьуэлыкъущІэхэмрэ гъэзэщІакІуэ властым и язныкъуэ федеральнэ органхэм я лъжьакІуэхэмрэ я уасэм хэгъэхъуэным, Урысей Федерацэм и Правительствэм и язныкъуэ унафэхэм зэхъуэкІынымкІэ зэлъхьэным е къару ямыІэжу къэлытэным и Іуэхукі э» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м кьыдигъэкІа Унафэ №837-м ипкъ иткІэ икІи Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі э министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі э и органхэм я лъжьакІуэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІ ахъшэ зратхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ кьащхьэщыжьын муралкІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі э министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі э и органхэм я лъжьакІуэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІ ахъшэ зратхэм штатКІэ яІыгъ кьулыкъым пэкІэу ират улахуэхэм 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м щыщІэдзауэ хуэдэ 1,15-кІэ хэгъэхъуэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкі э и министерствэм хуэгъэувын мы Унафэр гъэзэщІэным текІуэдну ахъшэр 2007 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и «Льэпкъ шынагъуэншагъэмрэ хабзэхъумэ лъэкъыгъэмрэ» разделым и «къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі э органхэр» раздел кьуэдзэм и хьэкъкІэ кьызэригъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей.

Тылым щылэжьахэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм, хей ящыжьа щыхухэм, политикэ залымыгъэхэм я лей зытехьауэ кьалытытахэм мазэ кьэс ират ахъшэр индексацэ щыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м *№340- ПП*

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм языныкъуэ щыху гупхэм къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ щетыным и Іуэхукі э» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №57-РЗ 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м кьащтам и 11 статьям и 2-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Тылым щылэжьахэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм, хей ящыжьа щыхухэм, политикэ залымыгъэхэм я лей зытехьауэ кьалытахэм мазэ кьэс ират ахъшэр 2008 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ индексацэ щІын, 2008 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэну зыпэплъэ социально-экономикэ зыужьыныгъэм инфляцэр зэрыщыхьну яГъэувам тещІыхьауэ 1,07 коэффициентыр къагъэсэбэну.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лэжьыгъэм социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм (Тюбеев А.И.) тылым щылэжьахэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм, хей ящыжьа щыхухэм, политикэ залымыгъэхэм я лей зытехьауэ кьалытата щІыхухэм мазэ кьэс ират ахъшэр зыхуэдизыр 2008 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ нигъэсын хуейщ мы Унафэм кьыщыгъэлъэгъуа Іэнатіэхэм.

3. Мы Унафэр гъэзэщІа зэрыхьум кІэльыпльныныр и пщэм дэлъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ ДыщэкІ М.Р.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м кьищта Унафэ №340-ПП-м и гуэдэхэм

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм языныкъуэ щыху гупхэм къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ щетыным и Іуэхукі э» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №57-РЗ 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м кьащтам игъэувауэ мазэ кьэс ят ахъшэр 2008 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ индексацэ щІын хуейр

(сом)

Щыхуэхэм я льэпэ гупхэм зэреджэр	2007 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ	2008 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ иратыну яГъэувам ахъшэ бжьагъэр
Тылым щылэжьахэр	351	376
Лэжьыгъэм и ветеранхэр	234	250
Хей ящыжьа щыхухэмрэ политикэ репрессиехэм я лей зытехьауэ кьалытата щІыхухэмрэ	469	502

● КъБР-м и МВД-м

КъБР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІа зэІущІэм хэтащ УБОП-м экстремизмэм е бзыныкІэ и къудамэм и унафэщ ТышкІэ Арсен, Налшык къалэ округым и УВД-м жьлагъуэ щыщагъэмкІэ и милицэм и унафэщ Уэлпокъуэ Хьчим, налог щІэпхъаджагъэхэм е бзыныкІэ управленэм и унафэщ Лъп Индрис, УБЭП-м и къудамэм и унафэщ Даур Арсен сымэ,Ахэр кІэщІу кьыгъеувыІащ 2007 гъэм я лъжьыгъэм къриубыдэу.

УНЭЛІОКЪУЭ Хьчим и псалъэмакъыр нэхъ тригъэщІащ Илъэсыщ Іэр кьыщрагъэхьэкІэ екІуэжьну гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэм шынагъуэншагъэр кьыщызэгъэпэщыным. Апхуэдэу 90-м щІегъу. Кьапщтэмэ, республикэм и кьалащхьэм Къэбэрдейр Урысейм зэрыхьыхьэр илъэс 400 зэрырикъум, ЗэгурыІуэныгъэм, Абхъазым я утхэм щагъэуващ Илъэсыщ Іэ псей нэхъыщхьэхэр. Абыхъэм цыху куэд екІуэлІэнущ. Абхъазым и утым щагъэгъазэм и 31-м сыхьэт 19-м щыщІэдзауэ сыхьэти 3-м нэсыху Илъэсыщ Іэпежьэ гуфІэгъуэ щыхьэхтынущ. Зэхьыхьэхэр щекІуэкІыну щІыпІэхэм автотранспортыр гъунэгъуу бгъэдагъэхьэнукъым, гуфІэгъуэ щІидзэн и пІэкІэхуэу ухьэсахэр ящІыгъуу утхэр я кьащтыгъэнущ. Балькъэр уэрамым щыщІэдзауэ Тэрчокъум и уэрамым нэсу Ленины и проспектыр зэхуэщІауэ щытынущ. Апхуэдэу Илъэсыщ Іэ псейхэр щагъэуващ Кэнжэ, Хьэсэней, Белэ Речкэ, Іэдиихэ жьлагъуэхэм. А щІыпІэхэми хабзэхъумэхэм я нэІэ тетынущ.

УЭРДОКЪУЭ Жан.

● Іуащхьэмахуэ куейм

Уэсукхъуэм пэщІоувэ

Уэсыщхуэ кьыщытриІухьам и деж уэсукхъуэм куэдрэ узыпигъапльэркъым. Адрейхэми хуэмыдэжу, Адыл-Су ауэым дэт альпинист лагерькэм зэи ухуэбэлэрыгъ хъуркъым.

- ЩІымахуэм кьыдищІэр дольаГъури, дытемыплъэкъуІыбу зыхудогъэхьэзыр. Пшахъуэу, шыгъуэу дызыхуеинум хуэдизкьыгъуащ. Гъуэгум зэрелэжь бульдозерхэр, КамАЗ-р, пшахъуэ шыгъуэ зэрыграпхъэ, уэсыр зэратхъу машинэхэр диІэщ. 2009 гъэм яухуэну дыкъагъэгугъэ уэсукхъуэр кьэзыгъэувыІэ. Абы Іуэхур нэхъ тынш ищІынущ, шынагъуэншагъэ кьэмыгъэхъуэнымкІи ар сэбэпышхуэщ, - жеІэ Іуэгуэм елэжь Іуэхущ Іапі эм и унафэщ Алтай Мурадин.

ТОХЪУТЭМЫЩ Ланэ.

● Къеблагъэ, 2008 гъэ!

Къэбэрдейр Урысейм зэрыхьхьэр илъэс 400 зэрырикъум и утым илъэсыщ Іэ псей щагъэуващ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихаш.*

● Уухакіуэ Іэнатіэм

ГЭС цІыкІухэр

Дызытехьэ илъэсым Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщІэтыну Іуэхугъуэ пэрытхэм ящыщщ Тырныауз дэт горно-обогатительнэ комбинатым и лъэныгъэр щІэуэ зэтеублэнырь, Бахьсэн куейм цемент завод, Іуащхьэмахуэ льапэ турист комплексэр щыухуэныр.

МЫБЫХЭМ ящыщ дэтхэнэ зы предприятэми лэжьэн щІидза нэужь, электрокъаруэ мащІи кьиГъэсэбэпынукъым. Абы и уасэр екІурабгъуэ зэтеІыгъэныкІэ мыхьэнэ ин яІэнущ ди республикэм 2010 гъэ пщІондэ щаухуэну я мурад гидроэлектростанц цыкІухэм. Мы Іуэхур нэсу зэтеублэ хьуа нэужь, ГЭС цыкІухэм я сэбэп кьекІынущ ди щІыналъэм щыпсэухэми.

Къэбэрдей-Балькъэр Правительствэм и энергетикхэм теухуауэ кьищта унафэм ипкъ иту зэгурыІуэныгъэ зращІыла «Гидро-ОГК» компанием илъэситІ пІальэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балькъэрым щІэзэфІигъэувэнущ гидроэлектростанц цыкІуу 4. Ахэр щаухуэнущ Зэрэгъыж, Балькъэр Ипщэ, Адыр-Су ауэым, Іуащхьэмахуэ льапэм, Іуэхум ехьэлІа проект лэжьыгъэхэр иокІуэкІ. Ар хеубыдэ «Урысей Ипщэ» щІыналъэ программэм хихьэу яГъэзэщІэнухэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ХэпщIыкIыу зеужь

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен дыгъэгъазэм и 26-м республикэм и Правительствэм и Унэм щригъэжьхэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым деж Къэрыч этыщIэ IэхъухэмкIэ щыIэ советым и зэIущIэ.

Абы япэу щедэIуащ «2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м хъэрычат Iуэху мыинымэ зыщIэхъужьыныкIымрэ ар щыдэIыгъыныкIымрэ» жыхуиIэ республикэм программэ хэхар гъэззэщIа зэрыхъум теухуауэ экономикэ зыужьыныгъэр сатумкIэ министр **Мусуков Алий** ищIа докладым.

Къэпсэльым къыззригъэпэжгъэмкIэ, программэм щыгъэзыхуа Iэхъугъуэхэм хуаутIыпщ бюджет мылъкум мы илъэсым хэдгущIкIэ хагъэхъуащ. IэнатIэ мыинхэр дэкIыгъэным хухахащ сом мелуани 130,32-рэ. Программэр Iыхьжьыу зэщIэхыщIахуэ ягъэзащIэ.

«Зи Iуэху езыгъэжьэну хуейхэм даэзрадэIэпыкъуну щыкIэр дубэыхуащ. Къыхэтха проекти 4-м абы папщIэ хуэдутIыпщащ сом зы мелардрэ мелуани 615-рэ.

Нэгъабэ лъандэрэ дадоIэпыкъу «Бизнес гъэпсыкIэ нэхъыфI» зэпеуэм хэт щIалэгъуалэм. Федеральнэ бюджетым къыхэкIыу абыхэм я проектэм хуэдэ мылъкуми ар гъэм хуэдэ 15-кIэ хэхъуащ. КъБР-м и Правительствэм и дэIэпыкъунгъэкIэ республикэм и кIалэ, районыкIэ муниципальнэ фондхэмрэ кредит кооперативхэмрэ къыщыззэIутхащ. Къэрычат Iуэху мыиным щIэзыдзэхэр ирыдагъэкIыгъэн папщIэ республикэ, федеральнэ бюджетхэм я хьэкъкIэ абыхэм субсидиекэр ядот, а Iэнатlхэм я унафощIэхэр хэкъуэзуэ идогъаджэ. Нобэ мариэзэлIэу муниципальнэ фондхэмрэ кредит кооперативхэмрэ яIэрыхьащ микрозайму 600-м нэблагъэ», - кIыхьигъэщащ къэпсэльам.

Министрым зэрыжиIамкIэ, мы илъэсым кърибыбзэу кредит организацэхэм республикэм и хъэрычатыщIэхэм щыIэхуэу ирата сом меларди 3,8-рэ. Ар нэгъабэрэй бжыгъэм хуэдэ 1,5-кIэ щIегъу.

Хьэрычат Iуэху мыинхэр мылъкукIэ диIыгъыу 2006 гъэм и фокIадэ лъандэрэ ди дежь щолажь Кавказ Индустриэм щыяпэ бизнес-инкубатор. 2007 - 2011 гъэхэм республикэм и щIэныгъэм хъэрыныр теухуауэ КъБР-м и Президентым и программэ зэхъэзэрыщ. Мы зэкIэ апхуэдэ программэ Урысейм и Iпщэ лъэныкъуэм щыIэкъым. Бизнес-инкубаторым зэпымыуэуз къыщыззэрагъэпщ иджырей хъэрычат Iуэху зекъокIэм хуэдэ мылъкуми мы гъэм хуэдэ 15-кIэ хэхъуащ. КъБР-м и Правительствэм и дэIэпыкъунгъэкIэ республикэм и кIалэ, районыкIэ муниципальнэ фондхэмрэ кредит кооперативхэмрэ къыщыззэIутхащ. Хьэрычат Iуэху мыиным щIэзыдзэхэр ирыдагъэкIыгъэн папщIэ «Хъэрычатыщ IажьмрэгъэкIэ» республикэм ехьэлIа Iуэхугъэ нэхъыщIэхэр» зыфIаща зэхуэсэгъэкIэн.

Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ министерствэм хэтащ Тембулат и псалъэхэм дыщIигъуу, КъБР-м уэхунэ-гъэмрэ архитектурэмкIэ и министр **Афэщlагъуэ Михаил** жиIащ я гъэпсыкIэм ирагъэфIэкIуэн, унэ къэщхэхун папщIэ гъэзэкIэкIащ республикэм и щIэныгъэ-щIэныгъэ зэрыщIагъэкIыжьыр Урысейм зэрыщыIэр.

Апхуэдэуи Афэщlагъуэр тепсэльыхьащ республикэм, муниципальнэ щIыналъэхэм я щIыпIэхэм я планхэр зэхэлъхьэныр, муниципальнэ щIыналъэхэм ящIхэр кьыхэгъэсэбэп, абыхэм уэхунэгъэхэр зэрыщIагъэкIыжьхэр зэхэсыгъэ убзыхуэм теухуауэ лэжьыплъэхэм. Абы кьыхигъэщащ 2007 гъэм самоуправленэхэмкIэ органхэм муниципальнэ щIыналъэхэм я планхэр зэхалъхьэныр ахъшэ зэрыкIуэр мелуан 901-м щIегъу. Нэхъ жыджэру мы Iуэхум хэтыр Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Шэджэм куейхэр.

КъыхэзгъэжьамкIэ, блэкIа мазищIым кърибыдзэу Iэщыщхуэхэм я бжыгъэм нэгъабэрэйм елытауэ процентэ 5,6-кIэ хэхъуащ икIи мин 219,8-рэ хьэщIащ. Абыхэм щэуэ кIатыр процентэ 9,7-кIэ, лыр процент 19,3-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

Адэжь Ерчэныр тепсэльыхьащ ипотекэ псэупIэ кредитым зегъэужьыным икIи унагъуэщIэхэр, IэщlагъэлI ныбжьыщIэхэр кьуажэм псэупIэкIэ кьыщыдэгъэзащIэным. Абы къыхигъэщащ дыззыр илъэсым министерствэхэмрэ район администрацэхэмрэ псэупIэ зыхуэфащэу кьыхатхыкIа унагъуэщIэхэмрэ IэщlагъэлI ныбжьыщIэхэмрэ я бжыгъэр 89-рэ зэрыхъур. Абыхэм папщIэ федеральнэ бюджетым сом мелуан 16,2-рэ, республикэ бюджетым сом мелуан 21-рэ къыхэкIащ. Еркъызэригъэпэща Iуэхугъуэ кудрэхэм ящыщ «2006-гъэм и хъэрычатыщIэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэмрэ КъБР-м и Президентым и сауГъэтыр къэхьныкIа теухуа «2006 гъэм и Iуэхугъэ щIапIэ нэхъыфI» зэхьэзэхуэмрэ.

«2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м хъэрычат Iуэху мыиным зыщегъэужьыным ирагъэзащIа щIыпIэныгъэмрэ я щIэныгъэ-щIэныгъэ зэрыщIагъэкIыжьыр Урысей республикэ программэ хэхар я дежь зэрыщагъэзащIэм ехьэлIауэ зэIущIэм къыщыпсэльащ Шэджэм, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районхэр я администрацэхэм я Iэтащхьэхэу **Мамбэт Михаилрэ Сottaев Къурмэнрэ.**

Тепсэльыхьыныр зэфIэкIа нэхъ, **Къанокъуэ Арсен** къыгъэлъэгъуащ программэ хэхар гъэззэщIыным теухуауэ мы гъэм илъэсым хъэрычат зэрызэфIагъэкIар, дяпэкIэ кьапэщытхэм ящыщу ягъэнэIуахэм арэзы зэрытехъуэр.

КъыкIэлъыкIуэу, зэIущIэм щызэхалъхьажащ «2007 гъэм я бизнес гъэпсыкIэ нэхъыфI» республикэ щIалэгъуалэ зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэм кьрикIуэхэр.

Зэхуэсым кьыщащтащ республикэм и Президентым деж Хъэрычатыщ IуэхугъэкIэ щыIэ советыр 2008 гъэм зэрыльэкIыну щIыкIэр.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я Унафощ Iуэхугъэ **Бечелов Иван, Ярин Андрей**, республикэм и Президентым и администрацэм и Iэтащхьэ **Къэжэр Альберт**, УФ-м и Президентым и полномочие лIыкIуэ щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Меркулов Александр**, министрэхэр, кIалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, «2007 гъэм и бизнес гъэпсыкIэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэм хэтащ щIалэгъуалэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Жыдзэрагъ тхэлъмэ...

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ КъБР-м и Президентым деж Лъэпкъ проектхэмрэ демографие политикэмрэ гъэззэщIа зэрыхъуэр кIэлъплъу щыIэ Советым и зэIущIэ.

АР КЪУЩЫЗЭIУИХЫМ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен** кьыхигъэщащ УФ-м и Президент Путин Владимирэ УФ-м и Правительствэм и Унафощ Iуэм и япэ къуэдзэ Медведев Дмитрийрэ лъэпкъ проектхэм мыхьэнэщхуэ зэрыратыр.

- Абыхэм я мурад нэхъыщхьэр цIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, лIэныгъэр нэхъ мащIэ, кьалъхуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щIыным, мэкъумэщ хозяйствэм, цIыхуэхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыным мылъку нэхъыбэ кьахузэщIэгъэуIэныр, - жиIащ Къанокъуэм. - Дэ къыдгурыIуэн хуейщ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа хъумэ, псэукIэ и лъэныкъуэкIэ зыхуей хуэза лъэпкъ узыншэ дыз эрыхьынур, нэгъуэщIу жыIэмэ, псэупIэ екIуэр улахуэ тэмэмрэ ди цIыхуэм зэрэлэнр.

Районкэм дыщыкIуэкIэ дольагъу абы и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэфIэхэр зэрыщыIэр: узыншагъэр щрагъэфIакIуэ Iэхъуэщlапlэхэр - машинэкIэ, хущхъуэкIэ, курыт еджапlэхэр зыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ, школ автобус-хэмкIэ кьызыдогъэпэщ.

КъБР-м мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэныкIэ хозяйствэмрэ я министр **Ерчэн Тембулэт** убгъуауэ тепсэльыхьащ Iэщ Iэхъуным нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ зэрызэгъэзэужьыпхъэм.

- Дызэрыт илъэсым «АПК-м зегъэужьыным» лъэпкъ проектым и унэтIныныгъэщымкIи лэжьыгъэ купщIафIэхэр екIуэкIащ, - жиIащ министрым. - Iэлъ мазэ 11-м кьыхифыдзэу Iэщ псэуалъэу 4160-рэ зэдгъэпэщжащ, ар илъэс псом екIуэкIын хуей лэжьыгъэм и проценти 104-рэ мэхъу.

Зи гугъу тщIы лъэпкъ проектым мэкъумэщ Iэхъуэщlапlэ 52-рэ я кьызэщIеубыдэ. Абыхэм кредит ахъшэу кьаIэрыкIар мелуан 901-м щIегъу. Нэхъ жыджэру мы Iуэхум хэтыр Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Шэджэм куейхэр.

КъыхэзгъэжьамкIэ, блэкIа мазищIым кьриубыдзэу Iэщыщхуэхэм я бжыгъэм нэгъабэрэйм елытауэ процентэ 5,6-кIэ хэхъуащ икIи мин 219,8-рэ хьэщIащ. Абыхэм щэуэ кIатыр процентэ 9,7-кIэ, лыр процент 19,3-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

Адэжь Ерчэныр тепсэльыхьащ ипотекэ псэупIэ кредитым зегъэужьыным икIи унагъуэщIэхэр, Iэщlагъэлl ныбжьыщIэхэр кьуажэм псэупIэкIэ кьыщыдэгъэзащIэным. Абы къыхигъэщащ дыззыр илъэсым министерствэхэмрэ район администрацэхэмрэ псэупIэ зыхуэфащэу кьыхатхыкIа унагъуэщIэхэмрэ Iэщlагъэлl ныбжьыщIэхэмрэ я бжыгъэр 89-рэ зэрыхъур. Абыхэм папщIэ федеральнэ бюджетым сом мелуан 16,2-рэ, республикэ бюджетым сом мелуан 21-рэ къыхэкIащ. ЕрыскъыпхъэныкIэ хозяйствэмрэ я Iэтащхьэ **Мусуков Алий** ищIа докладым.

Къэпсэльам къыззригъэпэжгъэмкIэ, программэм щыгъэзыхуа Iэхъуэгъуэхэм хуаутIыпщ бюджет мылъкум мы илъэсым хуэдизкIэ хагъэхъуащ. Iэнатlэ мыинхэр дэкIыгъэным хухахащ сом мелуани 130,32-рэ. Программэр Iыхьжьыу зэщIэхыщIахуэ ягъэзащIэ.

«Зи Iуэху езыгъэжьэну хуейхэм даэзрадэIэпыкъуну щыкIэр дубэыхуащ. Къыхэтха проекти 4-м абы папщIэ хуэдутIыпщащ сом зы мелардрэ мелуани 615-рэ.

Нэгъабэ лъандэрэ дадоIэпыкъу «Бизнес гъэпсыкIэ нэхъыфI» зэпеуэм хэт щIалэгъуалэм. Федеральнэ бюджетым щыгъэзыхуа Iэхъуэгъуэхэм хуаутIыпщ мылъкуми гъэм хуэдэ 15-кIэ хэхъуащ. КъБР-м и Правительствэм и дэIэпыкъунгъэкIэ республикэм и кIалэ, районыкIэ муниципальнэ фондхэмрэ кредит кооперативхэмрэ къыщыззэIутхащ. Хьэрычат Iуэху мыиным щIэзыдзэхэр ирыдагъэкIыгъэн папщIэ «Хъэрычатыщ IажьмрэгъэкIэ» республикэм и щIэныгъэм ехьэлIа Iуэхугъэ нэхъыщхьэхэр» зыфIаща зэхуэсэгъэкIэн.

Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ министерствэм хэтащ Тембулат и псалъэхэм дыщIигъуу, КъБР-м уэхунэгъэмрэ архитектурэмкIэ и министр **Афэщlагъуэ Михаил** жиIащ я гъэпсыкIэм ирагъэфIэкIуэн, унэ къэщхэхун папщIэ республикэм и щIэныгъэ-щIэныгъэ зэрыщIагъэкIыжьыр Урысей щIыпIэныгъэм и планхэр зэхалъхьэныр, муниципальнэ щIыналъэхэм я щIыпIэхэм я щIыпIэныгъэ зэрыщIагъэкIыжьхэр кьыхэгъэсэбэп, абыхэм уэхунэгъэхэр зэрыщIагъэкIыжьхэр хабзэхэр убзыхуэм теухуауэ лэжьыплъэхэм. Абы кьыхигъэщащ 2007 гъэм самоуправленэхэмкIэ органхэм муниципальнэ щIыналъэхэм я планхэр зэхалъхьэныр ахъшэ зэрыкIуэр мелуан 901-м щIегъу. Нэхъ жыджэру мы Iуэхум хэтыр Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Шэджэм куейхэр.

КъыхэзгъэжьамкIэ, блэкIа мазищIым кьриубыдзэу Iэщыщхуэхэм я бжыгъэм нэгъабэрэйм елытауэ процентэ 5,6-кIэ хэхъуащ икIи мин 219,8-рэ хьэщIащ. Абыхэм щэуэ кIатыр процентэ 9,7-кIэ, лыр процент 19,3-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

Адэжь Ерчэныр тепсэльыхьащ ипотекэ псэупIэ кредитым зегъэужьыным икIи унагъуэщIэхэр, Iэщlагъэлl ныбжьыщIэхэр кьуажэм псэупIэкIэ кьыщыдэгъэзащIэным. Абы къыхигъэщащ дыззыр илъэсым министерствэхэмрэ район администрацэхэмрэ псэупIэ зыхуэфащэу кьыхатхыкIа унагъуэщIэхэмрэ Iэщlагъэлl ныбжьыщIэхэмрэ я бжыгъэр 89-рэ зэрыхъур. Абыхэм папщIэ федеральнэ бюджетым сом мелуан 16,2-рэ, республикэ бюджетым сом мелуан 21-рэ къыхэкIащ. Президентым.

НЭщIэпыдЖЭ Замир.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Республикэр зыхуэныкъуэ Iэхъущlапlэ

● ЗэIущIэхэр

ЦIыкIуэгъуэм и 27-м КъБР-м и Сабий фондым отчет-хъэныгъэ конференц щекIуэкIащ. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и унафощIым и кьуэдзэ Фелченко Людмилэ, "Зыу щыт Урысей" партым КъБР-м щIэ кьуладжи и унафощI Жырыкъуэ Борис, Парламентым ЦIыхьэ-спортымкIэ, туризмэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и комитетым и унафощI Iэшю Заур, Лъэныгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комитетым и унафощIым и кьуэдзэ Гуляев Валентин, Хэку заузыщхуэм и ветеран Хьэдыгъуэ Сэфарбий сыму.

САБИЙ фондым и унафощI Умэ Светланэ къэкIуэлIаэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэза, къэбларгъэ Илъэсыщ Iэмкlэ екIуэхуэ ноужь, кIэщIу тепсэльыхьащ блэкIа илъэситхум зэфIагъэкIам. Докладым Iупщlу кьыхэщыр а Iуэхущlапlэм сабий ныкъуэдыкъуэхэм, зеиншэхэм, сымаджэхэм, хуэмыщIагъэ псэу унагъуэхэм ядэIэпыкъуным хуэгъэзэуэ Iуэхущхуэ зэрызэфIагъэкIар.

- Псоми гу лъыфтауэ кьыщIэкIынщ нужьрей зэманым кьрагъэкIащ кьыщеIэкI Iуэхуфlхэм. А зэхъуэкIыныгъэхэм ящыщу щIыхьэм и псэукIэм, псэукIэ и лъэныкъуэкIэ щыIэхэм я щIыпIэныгъэ зэрыщIагъэкIыжьыр. Абы щыгъуэ, ди гъэрыкIуэ, хуэмыщIагъэ, къэралым мылъкуншэу яхухих хуащ сабий зеиншэхэм, хуэмыщIахэм, ныкъуэдыкъуэхэм защIэгъэкъуэным. Си гуапэщ КъБР-м и Сабий фондым и Iуэхугъэм фIы и лъэныкъуэкIэ къыззэрыхэщащ.

Сабий фондым псалъэ гуапэ куэд хужаIащ Жэрыкъуэ Борис, республикэ эндокринологие центрым и унафощI Дыщокъуэ Елэнэ, Iэскэн кей адмінистрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Бажэ Дотий, Прохладнэ куейм и цIыхубз Советым и унафощI Пунаржи Людмилэ, сабий 13-м я аиз, Налшык къалэ щыIэ Мырзэкан Лилэ сымэ.

Сабийхэм ядэIэпыкъунымкIэ Iуэху щхьэпэ езыгъэкIуэкIа лэжьакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ, Щ Iыхь тхыльхэр щратащ зэIущIэм. Алихуэдэу, Фондым и хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ, совет щыщым хьэхъунхэр ягъэльэгъуащ, хэхьныгъэхэри ирагъэкIуэкIащ. СоветыщIэм хьыхащ цIыху 22-рэ.

Псори зэдзэрэзыуэ Умэ Светланэ къагъэнжащ Советым и унафощIу.

Цыхуэхэм я дзыхьыр нэхъ зрагъэзэыр Тхьэм фIэлIыкIэрщ.

Псалъэм пащIу, ар ныбжьэгъуэ кьолъэIуэрэ, хуэпхъуэмэу ахъшэ кьуитамэ, а ахъшэр, ууейм хуэдэу, хуэгъэкъыу пхъумамэ, хуей щыхьэм зейм ептыжамэ, абы щыгъуэм цIыкIу пэжщ, дзыхь кьуагъэз хуэлIмкIэ.

Алихь Иным и Къурэн Iущми дыкьыхуреджэ анэмэт кьытхуащIа мылък ур зейм еттыжыну:

«Алыхьым унафэ кьыхуещI анэмэтыр зейм Iэрыв-гъэхъэжьну, цIыхуэхэм хей щахуэфщIэкIи захуэ зу фщIэну. Сыту бгъэзэджэ фэ Алыхьым фызыхуиущийр! Алыхьым псори зэхъэх, ельагъу». («Бэлыхугъэхэр» сурэ, 58-нэ аят).

Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа бегьымбарми мыпхуэдэу жиIэгащ: «Анэмэтыр зейм етыж, укъэзыгъэпцIари кьыуамыгъапцIэ».

Зэрытлъагъуащ, дзыхь зэдгъэзэпхъэр Тхьэм фIэлIыкIырщ. Абы хуэпэжырщ, Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа бегьымбарым и ущиехэри тэмэму зыгъэзэащIэрщ.

Дзыхьым и щапхъэхэр

Алыхь Иным дызыхуриджэ пэжагъым и щапхъэу дэ зи гугъу тщIар ахъшэ е мылъку хъумэным техуэу гарщ. ГъащIэм щыкуэдащ нэгъуэщI щапхъэхэри.

Унгъэхъумэну, езыр хуей щыхьэм ептыжыну кьыпщIигугъэ зыгуэрым хьэпшыпт (щыкIуфэжIуэн ирехъу) кьуитамэ, абы и дзыхьыр кьуигъэзаэу кьэплъытапхъэщ.

Апхуэдэ щапхъэхэм ящыщщ: НэгъуэщIэм я щэхуэр х эIущIыу умыщIынщ;

◆Хамэ письмохэр зэIуумыжу, тхыгъэхэр зы машIэкIи зумыхьэжIыу зыдэпхъыпхъэм нэбгрэсынщ;

◆Ди нэкIэ пльэгъу ар зыри щыумыгъу у е кIэру мыгъэхуIаэу пIуэтэжынщ;

◆Эжаныр т эмэму, гуэныхь кьэдмыкIу, сэбэн дызэрыхьуным, фIы зэрыдлэжьыным дыхущIэкъуу дгъэкIуэныр;

◆Алыхьым кьаIэн тщищIакъэ - нэщIщ, нэмэзыр, нэгъуэщIхэри - ныкъуэсныгъэ хэмылъу дгъэзэщIныр (зыщIумыгъэгъупщ: нэмэзыр тэмэму, уахътым кьриубыдэу зэфIэдгъэкIыныр кьэтпльэ з хьунущ Алихьым кьыдигъэзэ дзыхьыр зэрыдгъэпэжым и щапхъэ);

◆Ехтуэ кьэлэлу щыщытыныр (сатуущIэ щыпкъэм щэхуакIуэкъэр кьиигъапцIэркъым, и хьэпшыпхэм я фIагъри ныкъусаныгъэхэри хэIущIыу кьеущI). Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа бегьымбарым зэгъэзэрым жиIэтащ мыпхуэдэу: «Дэ тщыщкъым пцIы зыупсыр»;

◆Уи псалъэм утралъэгъуэжу, Iэжхуэхэр фIыуэ бгъэзащIэу, жыджэру ущытынкIэ (зыгуэ-рым хуэдизкIэ, цIыхуэхэр нэхъ зэгъунэгъу, зэгурыIуэ, фIыуэ зэхущыт; фIыуэ зэрыльагъу мэхъу.

Хьэлэлу ущытмэ, цIыхуэхэм пщIэ кьыпхуащIынщ, фIыуэ укъалъагъунщ, я дзыхьи кьуагъэзынщ. ЦIыху мыпэжыр, мыхьэлэлыр куэдым фIыуэ ялъагъуркъым, апхуэдэм хэти зыщехьэмэ, зыщедэI. Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа бегьымбарым дыкьыхуриджащ хьэлэлу дыщытыну, ди фIэщхъуныгъэр дгъэбдаIэну, пцIыупс дымыхъуну. Абы жиIэгащ мыпхуэдэу: «НапитI зиIэхэм мыхъумыщIагъэу лIэужьыгъуэпIэ яхэлъщ: зи дзыхь кьезыгъэзым Iуэху игъуэджэ ирещIэ, зыгуэрхэр щиГъэгъэкIэ пцIыупс; зэгурыIуэныгъэ зрищIылъм ёоэхъуэкI, лей льеГъэс, и бийм щеныкъуэкъукIэ хабзэншагъэ елэжьи».

Бегьымбарым мыри жиIащ: «Дзыхь зрамыгъэзэыр Iиманыншэщ, зэгурыIуэныгъэм епцIыжьыр динынэщ».

Пащтыхьымрэ мэлыхъуэ хьэлэлымрэ

ЗэрыжаГэжьмкIэ, пащтыхь гуэрыр и жылэм дэкIри екьыт и цIыхуэхэм я псэукIэр зыку зэрэ кьищIэну и мураду. КьикIухь- нитIхьэрэ, еээщри, зигъэпсэхуну щетIыпсэхащ жыгъшхуэз жьауэм.

ЛъэныкъуэкIэ мапIэрэ, ялъагъуу: мурад гуартэшхуэм зэрытщ щIалэ пIащэ бжыфIэшхуэ, зэрыкъарууфIэр нэрылъагъуу. Щlалэм жиIащ мэлхэр е зым я щIыпIэ жиIащ мэлхэр е зым я щIыпIэ кьабзэр, зэрыузынщэр. Кьыззэщ а абыхэм ящыщ зы».

Щlалэм жиIащ мэлхэр е зым и мылъкуу зэрыщымытыр, и унейуэ щытамэ, зыхуей дыдэр кьыззэрыритыныр. Пащтыхьыр лъэIуащ аргуэру: «КхъыIэ, кьызэщэ. Уи унафэщIым дыкьыщIмылъагъукIэ, умышынэ». Щlалэм жиIащ: «Сыт си унафэщIым жесIэнур?» «Жеlэ дыгуэжьым зы мэ ныр пфIихьауэ» -иукъуэдиящ пащтыхьым.

Мэлыхъуэ хьэлэлым игу иритхьакъым апхуэдэ псалъэхэр. «СиунафэщIым пцIыхуэзэупсыра Iэхъур, - жиIащ абы. - Сыт хуэдэ цIхьэусыгъуэ хуэсщIынур ди Тхьэу псори зыльагъум, псори зэхэзыльхьу? Си гугъу кьуумыщI, гъуэгурыкIуэ, уи хьэтыр схуэльагъунукъым».

Пащтыхьым икъуэдIэ игу ирихьат мэлыхъуэрэ, ар зыщIипсэур зригъэщIэну и мурадр, щэхуэ кIэлъыкIуэрэ, мэл гуартэр зыIэщIэлъым бгъэдэхьащ, мыпхуэдэуи жриIащ: «Уа, тхьэмадэу мэл хьарзынэ зиIэ. Сыкуейщ кьыззэпщIыну уи гуартэшхуэрэ ялъыхъуэ щIалэрэ». Мэлхэр зэкIэ: «Сэ уэ узгъэщIэхъуфынукъым, зи щIыхьыр инэ».

Пащтыхь Iущым, мэлыхъуэр кьридижэри, абы мыпхуэдэу жриIащ: «Си щIалэ, Алыхьым и щIэкIэ жызоIэ, нобэ щIащIэдзауэ ущхьэхуитщ, мэл гуртэшхуэрэ тыгъэ пхузощI уэрыкьэлэлым, уэрэрыцIыу пэжым папщIэ».

«Мусылъмэн ныбжьыщIэ» тхылым къытхьжащ.

● Хьэдисхэр

ЩЭХЬАБЭХЭМящыщ Iэбуэрр жиIэжащ мы хьэдисыр.

- Нэмэз щащIыну япэу яухуа мэжджыгъ уиэр Чэбращ, - жиIат бегьымбар лъапIэм.

- Абы нужькIэ-щэ? - сеупщIат абы.

- Къудус (Иерусалим) мэжджытыращ.

* * *

НЭМЭЗ щыфщIыну нэхъ кьыхэфхьынур мэжджытищращ: сысейр (Мадинэ дэтыр), Чэбэр, Къудусыр (Иерусалим щыIэр).

* * *

ЛАЖЬЭ зимыIэ щIыхуэ обгъым и гьбзэр езым кьытхуэжэ.

Абдур-Рахьман и кхъащхъэ гуащI щыкIу тращIыхьауэ щIилъагъум, бегьымбарым жиIащ: «Ар нэхъыфIу къэхъыумыщIэ щыIэкъым. Пщ Iэ гуэри щIэдмыгъ абыхэм ди гъэмылэр АХъэрэтым тхуашэри щытхуагъэтIыльэ».

Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа бегьымбар льапIэм и псальэщ мыхэр: «Фызабэмрэ тхьэмыщкIэмрэ защIэзыгъакIуэр ещхьщ Алыхьым и гъэгум тету Iуэхуфlхэр зылэжьым, зи жэщхэр псаIэ мэпсэ щыIуэрэ зыгъакIуэм, зи махуэхэр нэщIуэ езыхькIым... Зы хуэрэ хьэдэ нэхъ мыхьэуми, тхьэмыщкIэм хуэфщIк. Жыхьэмэ мафIэм зыщыфхьумэ. НэгъуэщI Iэмал фымыгъэтми, къулейсызым гуапэу фепсалъэ».

Сэдэкъэм и мыхьэнэр зэрыиныр наIуэ пщащI Алыхь Иным и мыпхуэдэ пльэхэмэ: «ШейтIанэм факъыр фызхуну фегъэшIыну, мыхьэмыщIагъэ вIэжьынуи фыкьыхуреджэ. Ауэ Алыхьым гъэгъугъэ-гъэ фIыгъуэкIэ фыкьгъэгугъэ... Дэ фэтта мылькум фэ хэфтыкI, жакалыр фи деж кьэсынымэ и пэкIэ. Ар кьызылъэIэсыж жиIэнущ: «Уэ си Тхьэ! Тlэкlу сыбгъэпсэужатэмэ, сэдэкъэи стынт, цIыхуфIхэми ящыщ сыхьунт». Зи ажал кьэсам Алыхьым ар хуигъэIэпхъэнукъым. Алыхьым фэ фщIэм щыгъуазэщ» (Iэл-Бакъэр» сурэ, 268-нэ Iуит: «Iэл-Мунафикъуэн» сурэ, 10-11-нэ Iэятэр).

ЖыIэнухъэ, фIы лъэ, сдэкъэ тыс, Алыхьым укъызэригъэгъакъэр зыщымыгъэгъупщ. Ипэжьпкъ Iэкlэ, Алыхьым и псальэм епщIыжыркъым.

Налшык щылажь
Iслъам университетым и егъэжьакIуэ
ШЫХЬАТ Рустам.

Планэмэр зыгъэхьэзыр ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

Щlышылэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэжь	Пщыхьэщхьэр	Дыгъэр кьыщыщIэкIыр	Щэджащхьэр	Ичьыпдыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1. Гъубж	6.10	7.40	12.19	14.32	16.39	18.18
2. Бэрэжьей	6.10	7.40	12.20	14.33	16.40	18.19
3. махуэжь	6.10	7.40	12.20	14.33	16.41	18.20
4. мэрем	6.10	7.40	12.21	14.34	16.41	18.21
5. щэбэт	6.10	7.40	12.21	14.35	16.42	18.22
6. тхьэмахуэ	6.10	7.40	12.21	14.36	16.43	18.23
7. блыщхьэ	6.09	7.40	12.22	14.37	16.44	18.24
8. Гъубж	6.09	7.40	12.22	14.38	16.45	18.25
9. бэрэжьей	6.09	7.40	12.23	14.39	16.47	18.26
10. махуэжь	6.09	7.39	12.23	14.40	16.48	18.27
11. мэрем	6.08	7.39	12.24	14.41	16.49	18.28
12. щэбэт	6.08	7.39	12.24	14.42	16.50	18.29
13. тхьэмахуэ	6.08	7.38	12.24	14.43	16.51	18.30
14. блыщхьэ	6.07	7.38	12.25	14.44	16.52	18.32
15. гъубж	6.07	7.37	12.25	14.45	16.53	18.33
16. бэрэжьей	6.06	7.37	12.25	14.46	16.55	18.34
17. махуэжь	6.06	7.36	12.26	14.47	16.56	18.35
18. мэрем	6.05	7.36	12.26	14.48	16.57	18.36
19. щэбэт	6.05	7.35	12.26	14.49	16.58	18.38
20. тхьэмахуэ	6.04	7.34	12.27	14.50	17.00	18.39
21. блыщхьэ	6.03	7.34	12.27	14.51	17.01	18.40
22. гъубж	6.03	7.33	12.27	14.53	17.02	18.42
23. бэрэжьей	6.02	7.32	12.28	14.54	17.03	18.43
24. махуэжь	6.01	7.31	12.28	14.55	17.05	18.44
25. мэрем	6.00	7.31	12.28	14.56	17.06	18.46
26. щэбэт	5.59	7.30	12.28	14.57	17.07	18.47
27. тхьэмахуэ	5.58	7.29	12.29	14.58	17.09	18.48
28. блыщхьэ	5.57	7.28	12.29	14.59	17.10	18.50
29. гъубж	5.56	7.27	12.29	15.00	17.11	18.51
30. бэрэжьей	5.55	7.26	12.29	15.02	17.13	18.52
31. махуэжь	5.54	7.25	12.29	15.03	17.14	18.54

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусылъмэнхэм я Iуэ хущlапlэм къыдигащ

Тхьэм игуэш фIыгъуэхэм ящыщ кьыщIыкIыну гухуейм, сэдэкъэ зытхэм яхьхъэ. Ар Iуэху дахэщ, зи узыхущIемыгъуэжьщ.

Сэдэкъэ зытхэр

● Фы лъэжь

СЭДЭКЪЭ птамэ, уи мылъкур хьэпIащIи дыгъуэгъуакIуи лъэмыIэсыну, зэи пфIэмыкIуэдыну бгъэтIылъауэ аращ. Сэдэкъэ зэптар бгъэунаэу, уэ уи мылъкур пIэщIэкIауэ кьыпщремыхьэу. Iуэхур зэрыщытыр нэгъуэщIущ. ДинымкIэ еджагъэщхуэ Суфян Iэс-Сэурий, кьуелейсыгъэр и щIыпIэм кьыщыдыхьэкIэ, мыхэр жиIэуэр пежьэр: «Кьеблагъэ, си гуэныхьэр сщхьэщыхьыфыну си хьэщIэ лъапIэ!..»

Абы ещхьыркъабзэу, ахъшимышхуэ Iэл-Фудейм жиIэрейт: «КьыдэлъэIуэхэм кьытхуамышIэ щыIэкъым. Пщ Iэ гуэри щIэдмыгъ абыхэм ди гъэмылэр АХъэрэтым тхуашэри щытху